

# Jidisyè Nyoudjèze



## Refòm Jistis Penal Enfòmasyon pou Akize: Kisa pou prevwa

Criminal Justice Reform

A Step by Step Guide – Haitian Creole

Pou plis enfòmasyon konsènan refòm jistis penal Nyoudjèze, ale nan [www.njcourts.gov](http://www.njcourts.gov) epi cheche anba "criminal justice reform" nan lang angle

## Kisa yo rele refòm jistics penal?

Refòm jistics penal reprezante yon chanjman fondamantal nan kijan akize yo ak dosye yo pwosede nan tribinal Nyoudjèze yo. Le 1ye janvye 2017, leta chanje de yon sistèm ki te prensipalman konte sou kosyon monetè antan ke kondisyon libète pwovizwa a yon sistèm baze sou ris ki pli objektif, ki pwomouwva sekirite piblik epi tou, li pi jis pou akize yo paske li pa gen anyen pou wè ak kapasite pouf peye kosyon monetè.

Sistèm penal jistics la fonde sou de prensip: Ke tout moun ki akize de yon krim inosan toutotan yo pa pwouve li antò epi yo gen dwa konstitisyonèl a yon jijman san delè.

Transfòmasyon sistèm jistics penal Nyoudjèze a se yon kolaborasyon tou lè twa pouvwa gouvènman ki mete tèt ansanm ak travay komite paritè sou Jistics Penal, yon komite espesyal ke Dwayen Tribunal la Stuart Rabner de Tribunal Siprèm la te etabli pou analize tout koze ki gen pou wè ak kosyon ansanm ak refòm sou jijman san delè.

## Kisa kap pase si yo arete m?

Yap akize w atravè yon konvokasyon oswa yon manda. Si yo akize w atravè yon konvokasyon, yap lage w de prizon ak yon dat pou retounnen konparèt nan tribunal. Nan ka sa a, wa va gen yon odyans sou detansyon prevantiv la kote jij la va deside si la va akòde petisyon letà a pou kenbe w nan prizon jis jou jijman san kosyon. Refòm jistics penal la se yon fason pou ale de yon sistèm kosyon monetè a youn ki baze sou ris dèske w ta kab pa konparèt nan tribunal oswa ou ta ka komèt yon zak pandan ke w sou libète pwovizwa anvan jijman a. Bi li se pou asire ke sèten moun ki akize de zak pa rete nan prizon jis paske yo pa gen mwayen pou peye kosyon.

Si Komisè gouvènman a ta prezante yon petisyon pou mande w rete an detansyon jis jou jijman w an, jij la va konsidere ris ke w reprezante daprè dosye kriminèl ou ak nenpòt ki lòt enfòmasyon ki ta afekte ris ke w ta ka pa konparèt oswa komèt yon lòt zak pandan ou sou libète pwovizwa anvan jijman a. Daprè enfòmasyon a, jij la kab mande detansyon anvan jijman a. Si jij la ta kwè ke yo ta fèt pou lage w, yon pwogram sèvis anvan jijman egziste pou asire ke w obeyi tout kondisyon libète pwovizwa w yo. Jij la ka fikse yon kosyon monetè men li pa kab fè sa pou kenbe w nan prizon.

## Kisa pou mwen fè si yo mete m sou libète kondisyonèl anvan yo lage m?

Si tribunal la ta detèmine ke w reprezante yon ris tou piti epi yo ta ka lage w sou pwomès pawòl ou (ROR/Own Recognizance), ou pap gen pou fè anyen ankò. Sinon, yon ofisyè Sèvis pre-jijman va siveye w pandan libète kondisyonèl yo. Siveyans sa a kab enkli apèl telefonik oswa tekst pou raple w pou prezante nan tribunal, egzije ke w rapòte ba yon ofisyè chak semenn oswa chak mwa, oubyen asire ke w obeyi kondisyon pis strik kankou siveyans elektwonik ak detansyon adomisil.

Ofi e amezi ke ris la ogmante, tip siveyans la ap pi strik. Ofisyè pre-jijman kab jere dosye w an, a va asire ke yo notifye w de tout konparisyon nan tribunal nan lavni, la va

notifye tribunal la de tout vyolasyon ke w ta komèt kont kondisyon libètè pwovizwa a, epi tou la ka inisyé yon pwoesisis pou revoke libètè kondisyonèl sa a.

### **Kilè yap prezante ka mwen nan jijman?**

Si dosye w chita nan men Tribunal Siperyè a epi w ta nan prizon, gen twa dat limit enpòtan ka va aplike sou dosye w.

- Akizasyon fòmèl fèt pou prezante ak piblik nan yon delè de 90 jou.
- Jijman fèt pou komanse nan yon delè de 180 jou aprè akizasyon fòmèl la.
- Gen yon limit jeneral de 2 lane apati de dat detansyon a jijman.

Sèten aktivite ta kab alonje dat limit sa yo nan ka w a, se sa yo rele tan ki pa konte, sa va alonje kantite tan letà genyen pou li prezante ka w oswa akizasyon fòmèl la nan jijman. Yon egzanz se tan li ta pran jij la pou deside tout petisyon ki prezante anvan jijman a.

Si yo ta lage w, dat limit sa yo pap aplike sou dosye w an epi tou la va pwosede daprè dat bi ki etabli yo pa tribunal yo.

## Plent la

Fòsdelòd va emèt pwòp sitasyon yo oswa mande tribunal la emèt yon manda.

### Emisyon Manda pou Konparèt

Akize a pa soumèt a Refòm Jistics Penal la.

### Emisyon Manda Darè

Yo arete akize a epi yo transpòte li nan prizon. Akize ap soumèt ba Refòm Jistics Penal la.

### Evalyasyon Sekirite Biblik

Anplwaye sèvis anvan pwosè a ap prepare yon rekomandasyon pou libète akize a daprè yon Evalyasyon Sekirite Biblik (Public Safety Assessment (PSA)) ansanm ak tout lòt faktè yo.

### Premye Konparisyon

Premye Konparisyon an fèt nan 24 a 48 è apati di moman yo mennen akize a nan prizon. Jij la va konsidere rekomandasyon ke Pwogram Sèvis Anvan Pwosè a ta fè ak tout agiman komisè gouvènman ak avoka la defans ta fè, epi li kab swa lage akize a sou pwòp pawòl li oubyen lage akize a ak sèten kondisyon.

### Demann pou Detansyon

Komisè gouvènman a ta kab depoze yon demann pou detansyon lè sa a.

### Odyans Detansyon

Nan odyans detansyon a, komisè gouvènman va founi prèv pou mande ke akize rete nan prizon. Jij la va deside si ou pa pou li kenbel an detansyon oswa lage akize a, selon rekomandasyon Pwogram Sèvis Anvan Pwosè a, tout faktè lwa yo ak tout pledwari komisè gouvènman ak ladefans yo.

### Akize libere

Akize a ap resevwa yon dat pou li konparèt nan tribunal la epi pou li pa sou siveyans Pwogram Sèvis anvan Pwosè a.

### Akize a Libere ak sèten kondisyon

Yap lage akize a epi lap anba sipèvizon Sèvis anvan Pwosè

### Akize a ap rete an Detansyon

Akize a ap rete nan prizon annatandan pwosè a, konfòm ak tout direktiv konsènan jijman san delè a.



Dwayen Tribunal la  
Stuart Rabner

*"Refòm Jistis Penal (CJR) reflete yon seri de prensip ke pifò pati nan patisipan dakò avèk. Nouvo apwòch la ranplase an gran pati kosyon kash ak yon sistèm baze sou ris libètè pwovizwa anvan jijman a. CJR mande detansyon anvan jijman pou tout endividé ki poze yon ris serye de danje oswa ke yo ta kab mawon. Refòm sa yo anssanm ak tout lòt refòm fêt ak bi pou konfwonte tout inegalite ki te la nan sistèm ansyen a ak pwoteje sekirite piblik la --- enkyetid ki kontinye sèvi de baz CJR jodiya."*



Stuart Rabner  
Dwayen Tribunal la  
Chief Justice

Glenn A. Grant, J.A.D.  
Direktè Administratif Tribunal yo  
Administrative Director of the Courts

avril 2023

njcourts.gov  
12221-Haitian Creole